

Chè fanmi Pre-K,



Nou kontan pou nou ba ou yon je kat *Fun with Feelings!* Kat sa yo se yon fason amizan pou ede pitit ou aprann osijè emosyon.

Konprann emosyon ak jere yo se aptitud enpòtan timoun piti devlope avèk tan nan pre-K ak lakay yo. Aptitud sa yo ede timoun viv byen avèk zanmi ak fanmi, kontinye eseye menm lè yon travay difisil, ak reyisi nan lekòl.

Timoun ak adilt gn anpil estrès ak emosyon pandan moman distansyasyon sosyal (social distancing) la ak pandemi an. Timoun yo kapte emosyon ki antoure yo epi yo ka gen gwo santiman sou chanjman nan woutin, enkyetid yo sou fanmi ak sou viris la ak gwo chanjman ki gen nan lavi. Jèn tmoun yo ka eksprime gwo santiman nan plizyè fason ki diferan – tankou kriye, kolan, ankolè oswa fache pou bagay ki pa konn fè yo fache jeneralman. Ou ka wè li pi difisil pase abityèlman pou konprann kòman pitit ou a santi l. Nou espere Fun with Feelings pral yon zouti itil pou jwenn fason pou pale sou gwo santiman ansanm.

Piske se oumenm ki se premye pwofesè pitit ou a ak pwofesè ki pi enpòtan an, ou gen pouvwa pou ede pitit ou aprann sou emosyon. Ou ka sipòte pitit ou a lè li ankolè, tris oswa pè pou konprann sa li santi ak sa pou fè pou sa. Tiliv Fun with Feelings gen ide sou kòman pou kòmanse avèk kat yo.

Bati

Itilize kat sa yo pou bati gratsyèl, pon, oswa nenpòt sa oumenm ak pitit ou a imajine.

Jwe

Itilize kat sa yo pou jwe jwèt, aprann osijè emosyon, ak pou amize nou ansanm.

Anseye

Itilize kat sa yo pou anseye pitit ou a kòman pou l eksprime l ak jere emosyon.

Si w gen kesyon, tanpri pale avèk pwofesè pitit ou a oswa lidè pwogram pre-K a, oswa voye yon imèl pou nou nan DECEThrive@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Divizyon Edikasyon pou Debitan

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk